

D+S  
M  
**Batay Sajès**  
Lc 21,12-19  
mercredi 34<sup>e</sup> sem. o. I

NF p. 328

Paroles et musique : 10-11 septembre 1995

**R. Granmèt la maré rin-m ak fòs,  
L-ap aprann mouin jan pou-m batay,  
Yon lamé mèl kanpé dévan-m,  
Sé li k-ap tounin an ariè.**

- |   |   |
|---|---|
| 1. Yo mèl kondui-m nan tribinal,<br>Mouin pa bézouin paré défans,<br>Granmèt la ap ban-m yon langaj<br>Ak sajès k-ap plédé pou mouin,<br>Mouin mèl pèdi dènié zanmi-m,<br>Mouin mèl pa gin okinn fanmi,<br>Granmèt la ap sèvi-m zanmi,<br>L-ap papa-m, manman-m, frè-m ak sè-m. | Ps 18, 30.33.40<br>Ps 18, 35 ; 144, 1<br>Ps 27, 2-3 ; 35, 4 ; Jn 18,6<br><br>Lc 12,12 ; 21,15 ; Mt 10,20 ; Ac 6,10-11<br>Lc 21,16 ; 23,49<br>Lc 21,16 ; Ps 27,10<br><br>Lc 8,21 |
| 2. Sé pa kont moun m-apral batay,<br>Zam-défans mouin pa sot nan mouin,<br>Fòs mouin pa t-a kap rézisté,<br>Sé sou yon lòt plan m-angajé ;<br>Granmèt la ap sèvi ak mouin,<br>Fò-m akòdé ak volonté-l<br>Pou-m chèché sa l-ap désidé,<br>Pou-m véyé mouinn ti sign l-ap fè-m.   | Ep 6,12<br><br>Lc 22,31.61<br><br>Ps 123,1-2  |
| 3. Sé pou-m rét fidèl ap véyé,<br>Asouè, matin ak an-midi,<br>Pou lapriyé-m ap réspiré<br>Minnm souf ki anndan kè Bondié ;<br>Sé konsa m-ap jouinn protéksion<br>Gras a lafoua k-ap paré kou<br>Flèch difé Satan ap lansé,<br>K-ap étinn anvan yo touché-m.                     | 1 P 5,8 ; Lc 21,36<br>Ps 55,18 ; Dn 6,11<br><br>Rm 8,26<br><br>Ep 6,16  |
| 4. Moun yo mèl mét fòs yo ansanm<br>Pou yo dirijé kont mouin sèl,<br>Mouin pap gin doua fè kè-m soté,<br>Yon chévé-m pa kapab tonbé ;<br>Yo mèl chèché pran-m avèk riz,<br>Yo mèl flaté-m, yo karésé-m,<br>Yo mèl fè-m kantité promès,<br>Anyin pa doué dékontrolé-m.           | Lc 23,12<br>Ac 4,27 ; Ps 2,2<br>Ps 27,2<br>Lc 21, 18 ; 12, 7<br><br>2 Ma 7,24 ; 1 Ma 2,18   |
| 5. Fòs Bondié lévé sanzatan,<br>Li gayé sa-k fè arogan,<br>Li konté, pézé, séparé,<br>Pouvoua sa-k pran pòz yo sèl chèf,<br>Si-l pran tan anvan-l fè yo ouè-l,<br>Sé pou-l bay tan pou moun régrèt ;<br>Sé sou pasians li m-ap gadé<br>Pou-m pa présé kondané lòt.              | Dn 5,5 ; Lc 17,24<br>Dn 3,34 ; Gn 11,7-9<br>Dn 5,25<br><br>Lc 13,8-9<br>Sg 11,23 ; Si 18,11-12<br>Mt 13,24-30<br>Jc 5,7-11  |
| 6. Granmèt la voyé-m kon mouton<br>Nan mitan yon pakèt gro lou,<br>Fò-m gin ladrès tankou koulèv,<br>Fò-m tou sinp tankou ti toutrèl ;<br>Li ban-m gratis, fò-m bay gratis,<br>Fò-m pot lapè-a tout koté,<br>Ni sa ki vlé ni sa-k pa vlé,<br>Sé li ki konn ki sa pou-l fè.      | Mt 10,16<br><br>Mt 10,8<br>Mt 10,12-13 ; Lc 10,5 ; Jn 21,15-17<br>Mc 4,1-9 ; Ez 2,4-7 ; 3,16-21 ; 33,1-9  |